*Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması*

# Kárxanalar hám shólkemler

*(fermer ha'm diyxan xojalıqlarınan basqa)*

**2018 jıl yanvar-oktyabr aylarında**

**SANLAR:**

- Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń sanı **1634 ke ósti**
- Hárekeciz kárxanalardıń ulesi **1,6 p.p** kemeydi.
- Saplastırılǵan kárxanalarǵa salıstırǵanda tazadan dizimnen ótken kárxanalar **1438 ge ósti.**

2018 jıldıń yanvar-oktyabr ayında Qaragalpaqstan Respublikasında 2274 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashıldı, bul ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 690 ǵa kóbirek.

Sonday-aq saplastırılǵan kárxana hám shólkemlerdiń sanı ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 10,2 % ke kemeygen hámde olardıń sanı 836 nı quraǵanlıǵın kóriwimiz múm-

Sonıń nátiyjesinde usı jıldıń basına salıstırǵanda hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı 1634 ge (11,9 % ) ósken hám olardıń ulıwma sanı 15376 karxanani quradı.

Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń tiykarǵı úlesi Nókis qalasında (32,4%), Tórtkúl rayonında (9,7%), Beruniy (8,3%) hám Ámiwdárya (7,3 %) rayonların-da gúzetildi.

**Rayonlarlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı**
(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte



## *Dizimnen ótken hám hárekettegi kárxanalardıń rayonlar kesimindegi sanı hám úlesi*

*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa,*
*2018 jıldıń 1 noyabr jaǵdayına)*

| | Dizimnen ótken | | Hárekettegi | |
|---|---|---|---|---|
| | birlik | jamine salıstırǵanda % | birlik | jamine salıstırǵanda % |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **15826** | **100,0** | **15376** | **100,0** |
| Nókis q. | 5096 | 32,2 | 4982 | 32,4 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámudarya | 1153 | 7,3 | 1127 | 7,3 |
| Beruniy | 1312 | 8,3 | 1283 | 8,3 |
| Qanlıkól | 404 | 2,6 | 398 | 2,6 |
| Qaraózek | 456 | 2,9 | 453 | 2,9 |
| Kegeyli | 470 | 3,0 | 469 | 3,1 |
| Qońırat | 884 | 5,6 | 839 | 5,5 |
| Moynaq | 254 | 1,6 | 250 | 1,6 |
| Nókis | 665 | 4,2 | 647 | 4,2 |
| Taxyatash | 453 | 2,9 | 434 | 2,8 |
| Taxtakópir | 303 | 1,9 | 297 | 1,9 |
| Tórtkúl | 1590 | 10,0 | 1491 | 9,7 |
| Xojeli | 802 | 5,1 | 754 | 4,9 |
| Shımbay | 602 | 3,8 | 584 | 3,8 |
| Shomanay | 382 | 2,4 | 374 | 2,4 |
| Ellikqala | 1000 | 6,3 | 994 | 6,5 |

**Kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanına hárekettegi hám hárekeciz kárxanalardıń úlesi, % te**




Kárxanalar hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda hárekettegi kárxanalardıń úlesi 97,2 % ti, al hárekeciz kárxanalardıń úlesi 2,8 % ti quraǵanlıǵın kórsetpekte. Bul kórsetkish jıl basına salıstırǵanda 1,6 p.p kemeydi.

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jámi hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanına salıstırǵanda sawdada 20,4 %, awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında 12,3 %, sanaatta 11,1 %, qurılısta 10,9 %, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 5,8 %, tasıw hám saqlawda 4,9 %, málimleme hám baylanısta hámde den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiwde 1,9 % ten, 30,8 % basqa xızmet túrlerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi kárxanalardıń kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi,**
*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa) % te*




***Dizimnen ótken hám hárekettegi kárxanalar hám shólkemlerdiń ósiu dinamikasi***
(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa) birlikte



2018-jıl yanvar-oktyabrde 2274 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashılǵan. Bul bolsa 2017-jıldıń usı dáuirine salıstırǵanda 43,6 % ke kóp. Eń kóp jańadan ashılǵan kárxanalar hám shólkemler Nókis qalasında (727 ni), Tórtkú'l (183 ti), Ámudarya (165 ti) hám Beruniy (144 ti) quraǵan. Eń kem Moynaq ha'm Kegeyli rayonlarında (60 tan) hámde Taxtakópir (47 ni) rayonlarında quraǵan.

**Aymaqlar boyınsha jańadan ashilǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń sanı, birlikte**




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde eń kóp sanaatta (403 ti), saudada (376 nı), qurılısta (354 ti) awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (314 ti), quraǵan. Eń kemi den saulıqtı saqlau hám sotciallıq xızmetlerde (45 ti) málimleme hám baylanısta (19 dı), quraǵan.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet turleri  kesimindegi sanı, birlikte




## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha jıllar kesimindegi sanı, birlikte

| | 2017 jıl yanvar-oktyabr aylarına. | 2018 jıl yanvar-oktyabr aylarına. |
|---|---|---|
| **Jámi:** | **1584** | **2274** |
| awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 355 | 314 |
| sanaatta | 339 | 403 |
| qurılısta | 173 | 354 |
| sawda | 262 | 376 |
| tasıw hám saqlaw | 52 | 72 |
| jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 119 | 123 |
| málimleme hám baylanıs | 33 | 19 |
| den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 41 | 45 |
| basqa xızmet túrleri | 210 | 568 |

## Huquqıy túrleri klassifikatorı boyınsha hárekettegi kommertcialıq kárxanalardıń ulıwma sanı

(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)

2018-jıl 1-noyabr jaǵdayına 11854 komertcialıq kárxanalar hám shólkemler xızmet kórsetip atırǵan bolıp, sonnan jeke kárxanalar - 2843 ti, shańaraq kárxanalar - 627 ni, juwapkershiligi sheklengen jámiyetler - 8059 dı, akcianerlik jámiyeti - 29 dı hám basqalar - 296 nı quraydı.






“O’ZBEKENERGO” AKSIYADORLIK JAMIYATI



## Sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı

2018-jıl 1-noyabr jaǵdayına hárekettegi sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı 112 ni quraydı. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 35 ke yaǵnıy 45,4 % ke ósken. Sonday-aq Sırt el kapital qatnasındaǵı hárekettegi kárxanalardan 62 qospa kárxanalar, 50 bolsa sırt el kárxanaları esaplanadı.

### Shet el kapital qatnasındaǵi kárxanalardıń ósiw dinamikası, birlikte




### Háreket kórsetip túrǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám sırt el kárxanalardıń sanı, birlikte








Shet el kapital qatnasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi Nókis qalası 23 (20,5 %), Moynaq rayonında 13 (11,6 %), Kegeyli rayonında 10 (8,9 %), Nókis ha'mde Taxiyatash rayonlarında 9 dan (8,0%), Qońırat rayonı 7 (6,2%) úlesine tuwrı keledi. Eń kem shet el kapital qatnasındağı jańadan ashılğan kárxanalar Shomanay rayonlında 2 kárxana (1,8 %) ha'm Tórtkúl rayonı 1 (0,9 %) úlesine tuwrı keledi. Bul bolsa usı rayonlarda shet el sherikleri menen birgelikte islesiwdi, investiciyalardı tartıw barısında ámelge asırılıwı lazım bolğan jumıslardı jánede rawajlandırıwdı talap etedi.

**Háreket etip turğan sırt el kapital qatnasındağı kárxanalardıń aymaqlar kesimindegi sanı, birlikte**




Egerde hárekettegi shet el kapital qatnasındağı kárxanalardı ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuğın bolsaq 2018-jıl 1-noyabr jağdayına bul mağlıwmatlardıń tiykarğı bólegi sanaatta 55(49,1 %), awıl, toğay hám balıq xojalığı 32 (28,6 %), sawdada 15 (13,4 %) qurağan, eń kemleri bolsa qurılısta 3 (2,7%), jasaw hám awqatlanıw ha'mde den sawlıqtı saqlaw hám sotciyallıq xızmetler kórsetiwde 2 kárxanadan (1,8%), tasıw hám saqlaw hámde 1 kárxananı (0,9%) qurağan. Kórinip turğanınday hárekettegi shet el kapital qatınasındağı kárxanalardıń tiykarğı bólegi sanaat hámde awıl, toğay hám balıq xojalığı xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday aq eń kem úlesi bolsa jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmet turlerine ha'mde tasıw hám saqlaw turlerine tuwrı keledi.

**Hárekettegi shet el kapital qatınasındağı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, % te**




2018-jıl yanvar-oktyabr ayında shet el kapital qatnasındağı dizimnen ótken jańa kárxanalardıń sanı 29 dı qurağan. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırğanda 15 ke kóbeygen hám 2,1 esege ósken.

Bunda, Qazaqstan Respublikasında – 8, Qıtay Xalıq Respublikası – 7, Pakistan Islam Respublikası - 4, Indiya Respublikası - 2, Rossiya Federaciyası - 1 hám basqa mámleketlerde 7 den jańadan kárxanalar dizimnen ótken.

**Jańadan ashılğan sırt el kapital qatnasındağı kárxanalardıń ma'mleketler kesimindegi sanı, (yanvar-sentyabrde), birlikte**



Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha kóretuǵin bolsaq, awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında 14, sanaatta 10, sawdada 2, qurılısta, jasaw ha'm awqatlanıw boyınsha hámde den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetlerde 1 kárxanadan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar jańadan ashılǵan.

**Jańadan ashılǵan sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, birlikte**



## Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı

2018-jıl 1-noyabr jaǵdayına hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń sanı 11782 ni quradi. Bul kórsetkish 2017-jıl 1-noyabr jaǵdayına qaraǵanda 12,5 % ke  asqan. Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında - 4136  (35,1 %), Tórtkúl - 1245 (10,6 %), Beruniy - 1010 (8,6 %) hámde  Amudariya - 824 (7,0%) rayonları úlesine tuwra keledi.

### Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı dinamikası, birlikte




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde hárekettegi 11782 kishi kárxana hám mikrofirmalardıń 3112 (26,4 %) - sawdada, 1841 (15,6 %) - awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1665 (14,1 %) - qurılıs, 1681 (14,3 %) - sanaat, 893 (7,6 %) - jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler tarawlarında, 744 (6,3 %) - tasıw hám saqlawda, 256 (2,2 %) - málimleme hám baylanıs tarawları, 206 (1,7 %) - den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiwde, sonday-aq 1384 (11,8 %) - basqa xızmet túrlerı úlesine tuwrı keledi. Kórinip turǵanınday, hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi sawda hámde awıl, toǵay  hám balıq xojalıǵı xızmet túrlerine, qurılısqa hám sanaat  xizmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday-aq, eń kem úlesi bolsa den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler hámde málimleme hám baylanıs xızmet túrlerıne tuwrı keledi.

**Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulesi, % te**




2018-jıl yanvar-oktyabrde 1838 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashılǵan. Bul kórsetkish 2017 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 25,5 % ke kóp. Eń kóp jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalasında (633), Tórtkúl rayonında (162), Ámiwdariya rayonında (132) hám Qońırat rayonlarında (106) ashılǵan. Eń kem Taxtakópir rayonında (30), Qanlikól rayonında (40), Moynaq (42) hám Kegeyli (45) rayonlarında ashılǵan.

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde bolsa eń kóbi sanaatta (403), sawdada (376), qurılısta (354), awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (312), quraǵan. Eń kemi bolsa málimleme hám baylanısta (19), den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetlerde (44) quraǵan.

## Jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesimindegi ulesi, % te






## Shańaraq kárxanaları sanı

Mámleketlik dizimnen ótken yuridikalıq shańaraq kárxanalardıń sanı - 2018 jıldıń 1-noyabr jaǵdayına 646 kárxana hám shólkemlerdi qurap, olardan 627 yamasa 97,1 % háreket kórsetpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda mámleketlik dizimnen ótkenlerdiń hámde hárekettegilerdiń ulıwma sanı ortasha **28,0** % ke óskenligin aytıp ótiw lazım.

### Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası, birlikte






Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde qaraytuǵin bolsaq shańaraq kárxanalardıń 29,2 % yamasa 183 jasaw hám awqatlanıw xızmetleri, 27,4% yamasa 172 kárxana sanaatta, 21,2 % yamasa 133 sawdada, 8,3 % yamasa 52 awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 1,4 % yamasa 9 málimleme hám baylanıs, 2,2 % yamasa 14 den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw, 0,6 % yamasa 4 qurılıs, 0,3 % yamasa 2 tasıw hám saqlaw hámde 9,4 % yamasa 58 kárxana basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

**Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, % te**









**Qaraqalpaqstan Respublikası**
**Statistika basqarması**
**Statistik registrlardı júritiw bólimi**
**Nusqa ushın juwapker: Z.Qalmuratova**
*(0371) 230-82-23*

**Kárxanalar hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registrı (KTYDR) maǵlıwmatları tiykarında tayarlanǵan**